



Pou Piblikasyon Imedya: 08/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DFS LA PIBLIYE DIREKTIV POU ENDISTRI ASIRANS LAN KLARIFYE KOUVÈTI POU PrEP AK SÈVIS KI AN RAPÒ AK LI YO

Li anpeche depans pataje pou PrEP ak Sèvis ki gen rapò ak li pou konsomatè yo

Lèt sikilè a te prepare an kolaborasyon avèk endistri asirans lan

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) a te pibliye yon [Lèt Sikilè](#) li voye bay konpayi asirans sante ke New York reglemante yo, pou yo klarifye kouvèti asirans pou pwofilaksi avan kontak (pre-exposure prophylaxis) ke yo rele PrEP la, pou prevansyon enfeksyon VIH ak sèvis ki gen rapò ak li yo.

"Kòm administrasyon Trump lan kontinye ap redwi aksè pou swen sante epi li kontinye ap bay direktiv ki pa klè pandan yon pandemi, New York pral itilize tout otorite nou pou li bay Nouyòkè yo swen sante yo merite a, kèlkeswa oryantasyon seksyèl yo oswa ekspresyon seksyèl yo, oswa sitiyasyon transeksyèl yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Direktiv sa a klè - Nouyòkè yo genyen aksè pou kouvèti PrEP ak sèvis ki gen rapò ak li yo san depans pataje."

Sipè-entandan Depatman Sèvis Finansye Eta New York la, Linda A. Laceywell, te deklare, "Kòm gouvènman federal la kontinye demantle aksè nan swen sante ki gen kalite yo, DFS la pral kontinye sipòte kouvèti sante ki enpòtan pou konsomatè yo, kèlkeswa oryantasyon seksyèl yo, idantite seksyèl yo, oswa sitiyasyon transeksyèl yo, an kolaborasyon avèk endistri a. Konpayi asirans sante ke New York reglemante yo dwe bay kouvèti pou PrEP avèk okenn depans pataje, gen ladan tès ki rekòmande yo ak sèvis ki asosye avèk PrEP".

[Rezime Rekòmandasyon Final Gwoup Travay sou Sèvis Prevantif Etazini \(United States Preventive Services Task Force, USPSTF\) an pou PrEP](#), nan seksyon sou "Other Considerations, Implementation" (Lèt Konsiderasyon, Aplikasyon), rekòmande tou ke yo bay yon moun ki anba gwo risk pou pran VIH sèten tès ak sèvis avan yo preskri PrEP oswa kòm swivi ak siveyans ki ankou.

Lèt Sikilè yo te pibliye jodi a klarifye ke, an absans direktiv federal ki kontrè, konpayi asirans sante ke New York reglemante yo, eksepte pou plan sante ki ekskli yo, oblije

kouvri kèlkeswa tès ak sèvis ki asosye ak yo ke USPSTF la rekòmande san okenn depans pataje.

Lè nou rekonèt enpòtans kouvèti PrEP yo pou prevansyon enfeksyon VIH, DFS la te kolabore avèk endistri asirans lan pou asire ke PrEP ak sèvis ki gen rapò ak li yo disponib pou Nouyòkè yo ki bezwen yo.

Li enpòtan ke moun ki gendwa benefisye de PrEP yo genyen aksè epi ke yo kapab sipòte depans sèvis tès ak swivi yo, kèlkeswa oryantasyon seksyèl yo, idantite seksyèl yo, oswa sityasyon transeksyèl yo, epi DFS la pral aji pou asire respè total Lèt Sikilè jodi a, [Lèt Sikilè Asirans No. 21 \(2017\)](#), ak [Ajou No.1 nan Lèt Sikilè Asirans No. 21 \(2019\)](#).

[Li yon kopi konplè lèt sikilè asirans lan sou sitwèb DFS la.](#)

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)